Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (82 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (82 KB)

# DENETÁRBIYaSÍ HÁM SPORT TARAWÍNDA MÁMLEKETLIK BASQARÍW SISTEMASÍN TÚP-TIYKARÍNAN JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Elimizde denetárbiyası hám sporttı ǵalaba en jaydırıw, xalıqtıń, ásirese, jaslardıń arasında salamat turmıs tárizin úgit-násiyatlaw ushın zárúr sharayatlardı hám infrastrukturanı jaratıw, elimizdiń xalıqaralıq sport maydanlarında múnásip qatnasıwın támiyinlew baǵdarında izbe-iz ilajlar ámelge asırılmaqta.

Sonıń menen birge, denetárbiyası hám sporttı shólkemlestiriwde bir qatar sistemalı mashqalalar menen kemshiliklerdiń bar ekeni bul tarawda mámleketlik siyasattı nátiyjeli alıp barıwǵa hám elimizdiń qolda bar sport potencialınan tolıq paydalanıwǵa tosqınlıq etpekte. Atap aytqanda:

birinshiden, ásirese, orınlarda denetárbiyası hám sport basqarmasınıń nátiyjeli tutas sisteması joq ekeni bul tarawda mámleketlik uyımlardıń hám basqa da shólkemlerdiń jumısın zárúr dárejede muwapıqlastırıwdı, salamat turmıs tárizin ǵalaba en jaydırıwdı hám úgit-násiyatlawdı támiyinlemey atır;

ekinshiden, elimizde hám ǵalabalıq sport, hám joqarı sport jetiskenlikleri tarawında anıq wazıypalar menen maqsetli kórsetkishlerdi belgilegen halda, orta múddetli jáne uzaq múddetli perspektivada denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıw koncepciyası islep shıǵılmaǵan;

úshinshiden, mámleketlik-jeke menshik sheriklik shártlerinde sporttıń zamanagóy materiallıq-texnikalıq bazasın hám infrastrukturasın jaratıw boyınsha mámleketlik emes sektor menen óz-ara qatnasıqlardıń tómen dárejede ekeni bul tarawda júzege kelgen mashqalalardı nátiyjeli sheshiwge imkaniyat bermey atır;

tórtinshiden, orınlarda jaslar arasınan talantlı sportshılardı tańlap alıw (selekciya)dıń nátiyjeli hám anıq sisteması joq ekeni saylandı komandalardıń quramın sapalı tolıqtırıw ushın sport rezervin qáliplestiriwge hám joqarı mamanlıqtaǵı sportshılardı tayarlawdı támiyinlewge tosqınlıq etpekte;

besinshiden, sport kadrların, ásirese, basqarıw kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıwdıń ámeldegi sisteması denetárbiyası hám sport basqarması tarawında tájiriybeli qánigelerge bolǵan zárúrlikti qanaatlandırıw imkaniyatın bermey atır;

altınshıdan, denetárbiyası hám sport tarawın qollap-quwatlawdıń tek ǵana ayrıqsha sport túrlerin rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan, aqılǵa muwapıq emes sisteması basqa da ǵalabalıq olimpiada sport túrlerin, bárinen burın, sport oyınların hám qısqı sport túrlerin rawajlandırıwǵa itibar qaratılmawına alıp kelgen;

jetinshiden, sportshılardı tayarlaw hám olardıń medicinalıq támiyinleniwinń innovaciyalıq izertlewleri hám metodikalıq qollanbaları, zaman talaplarına juwap beretuǵın standartlarınıń joq ekeni sapalı oqıw-shınıǵıw procesiniń jolǵa qoyılıwın támiyinlemey atır;

segizinshiden, denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan qarjı qárejetleri jumsalıwınıń tiykarlılıǵı hám qalıslıǵı ústinen qadaǵalawdıń, bárinen burın, ishki qadaǵalawdıń qarjı qárejetlerinen aqılǵa uǵras paydalanıwdı támiyinleytuǵın hám bul tarawdaǵı nadurıs is háreketlerdi saplastırıwǵa qaratılǵan nátiyjeli sistema qáliplestirilmegen;

toǵızınshıdan, xalıqaralıq standartlarǵa juwap beretuǵın sapalı jergilikli sport ásbap-úskenelerin hám inventarların islep shıǵarıw jolǵa qoyılmaǵan, sonday-aq, bunday óndiristi qollap-quwatlawdıń tásirsheń mexanizmi názerde tutılmaǵan.

Denetárbiyası hám sport tarawında mámleketlik basqarıw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw, xalıqtıń, ásirese, jaslar arasında salamat turmıs tárizin keńnen úgit-násiyatlaw maqsetinde, sonday-aq, 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında hám Ózbekstan Respublikasındaǵı Hákimshilik reformalar koncepciyasında belgilengen wazıypalarǵa muwapıq:

1. Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport boyınsha mámleketlik komiteti, Qarjı ministrligi, Turizmdi rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti, Ózbekstan Respublikası Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki, Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti, Tashkent qalası hákimligi, sport federaciyaları (associaciyaları)nıń:
Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport boyınsha mámleketlik komiteti hám onıń aymaqlıq bólimleri tiykarında Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligin (keyingi orınlarda Ministrlik dep ataladı) shólkemlestiriw:

Ministrliktiń oraylıq apparatı strukturasında sport islerin shólkemlestiriwde tiykarlılıqtı, obektivlilikti hám ashıq-aydınlıqtı támiyinlewge qaratılǵan, sonıń ishinde, denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıwǵa ajıratılǵan mámleketlik qarjı qárejetlerinen aqılǵa uǵras paydalanıwdı talqılaw, xalıqtıń sport xızmetlerinen qanaatlanıw dárejesi hám sport xızmetlerinen paydalana alıw sharayatların bahalaw, sonday-aq, korrupciya hám jumıs ornınan paydalanıp qıyanet etiw jaǵdayların anıqlaw ushın juwapker bolǵan Denetárbiyası hám sport tarawında monitoring basqarmasın shólkemlestiriw;

Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport boyınsha mámleketlik komiteti janındaǵı Balalar sportın rawajlandırıw qorı hám onıń Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasındaǵı aymaqlıq bólimleri tiykarında Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligi janındaǵı Denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıw qorın (keyingi orınlarda – Qor) hám onıń Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasındaǵı aymaqlıq bólimlerin shólkemlestiriw;

tikkeley Qaraqalpaqstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligi, wálayatlar jáne Tashkent qalası Denetárbiyası hám sport basqarmalarına boysınatuǵın hám Qordıń esabınan qarjılandırılatuǵın rayonlıq (qalalıq) denetárbiyası hám sport bólimlerin shólkemlestiriw;

Ózbekstan mámleketlik denetárbiyası institutı janındaǵı denetárbiyası hám sport boyınsha qánigelerdi ilimiy-metodikalıq támiyinlew, qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıw orayın (keyingi orınlarda – Oray) Ministrliktiń qaramaǵına beriw, onı Tashkent qalası, Shayxontahur rayonı,

Kwkcha Darvoza kóshesi 27-jay mánzilinde jaylastırıw, Nókis, Samarqand hám Ferǵana qalalarında onıń fililalların shólkemlestiriw;

Ózbekstan mámleketlik denetárbiyası institutı tiykarında Ózbekstan mámleketlik denetárbiyası hám sport universitetin (keyingi orınlarda – Universitet) shólkemlestiriw;

dúnyanıń jetekshi óndirisshilerin tartqan halda sport kiyimin, ánjamların hám úskenelerin islep shıǵaratuǵın zamanagóy kárxanalardıń jumısın shólkemlestiriw ushın paytaxt aymaǵında «Sport» erkin ekonomikalıq zonasın shólkemlestiriw;

denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıwda jáne ǵalaba en jaydırıwda elimizdiń xalıqaralıq sport maydanındaǵı abıroyın arttırıwda ayrıqsha xızmet kórsetken denetárbiyası hám sport tarawı xızmetkerlerin jáne basqa da shaxslardı sıylıqlaw maqsetinde «Ózbekstan Respublikasında xızmet kórsetken denetárbiyası hám sport xızmetkeri» húrmetli ataǵın shólkemlestiriw haqqındaǵı usınısları qabıl etilsin.

2.Tómendegiler Ministrliktiń tiykarǵı wazıypaları etip belgilensin:

denetárbiyası hám sport tarawında xalıqtıń keń qatlamların sport penen shuǵıllanıwǵa hám salamat turmıs tárizin júrgiziwge tartıw, fizikalıq jaqtan salamat ósip kiyatırǵan áwladtı tárbiyalaw, sport industriyasın hám infrastrukturasın rawajlandırıw, joqarı sport sheberligi tarawında elimizdiń xalıqaralıq sport maydanında múnásip qatnasıwın támiyinlewge qaratılǵan birden-bir mámleketlik siyasattı ámelge asırıw;

ministrlikler hám vedomstvolar denetárbiyası hám sport jámiyetleri jáne klublarınıń jumısın muwapıqlastırıw, sonday-aq, respublikalıq mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń, ulıwma bilim beriw mektepleriniń, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi hám joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń denetárbiyası oqıtıwshıları menen instruktorlarınıń jumısına shólkemlestiriwshilik-metodikalıq basshılıqtı ámelge asırıw;

jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, denetárbiyası hám sport jámiyetleri, bilimlendiriw mákemeleri, jámiyetlik shólkemler menen birgelikte xalıqtıń, ásirese, jaslardıń arasında denetárbiyası hám sport penen shuǵıllanıwdı ǵalaba en jaydırıw baǵdarında keń kólemli jumıslardı shólkemlestiriw;

balalardı sport penen turaqlı túrde shuǵıllanıwǵa tartıw, balalar sport bilimlendiriwiniń sapasın arttırıw, barlıq aymaqlarda, ásirese, awıllıq jerlerde hám alıs aymaqlarda balalar sport obektleri tarmaǵın bunnan bılay da keńeytiw arqalı balalar sportın jáne de rawajlandırıw;

Olimpiada, Paralimpiada hám Aziya oyınları, jáhán, Aziya chempionatlarında hám basqa da xalıqaralıq jarıslar menen turnirlerde tabıslı qatnasıwın támiyinlew ushın perspektivalı sportshılardı tańlaw, tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıwdıń, olardıń arasınan elimizdiń saylandı komandalarınıń sapalı sport rezervin hám quramın qáliplestiriwdiń nátiyjeli sistemasın jaratıwda Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti, sport federaciyaları (associaciyaları) menen birge islesiw;

elimizde professional, ǵalaba sporttı, sonıń ishinde, sport oyınların hám qısqı sport túrlerin rawajlandırıwdı xoshametlew hám qollap-quwatlaw, aldıńǵı xalıqaralıq tájriybeni esapqa alǵan halda sport tayarlıǵı procesine zamanagóy texnologiyalardı engiziw, barlıq sport túrleri boyınsha milliy chempionatlardıń dárejesin hám sapasın arttırıw, xalıqaralıq hám regionallıq jarıslar shólkemlestiriw, jaramsız sport básekisine hám qadaǵan etilgen preparatlardıń qollanılıwına qarsı sistemalı ilajlar kóriwdi xoshametlew;

denetárbiyası-salamatlandırıw hám sport shólkemleri, obektleri hám imaratlarınıń ǵalaba sport, balalar sportı hám professional sport baǵdarları boyınsha materiallıq-texnikalıq bazasın rawajlandırıw jáne bekkemlew, olardan maksimal dárejede hám nátiyjeli paydalanıwdı támiyinlew, sport ásbap-úskeneleri jáne inventarlarınıń elimizde islep shıǵarılıwın shólkemlestiriw hám keńeytiw boyınsha usınıslar tayarlawǵa qatnasıw;

denetárbiyası hám sport tarawında kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıwdı shólkemlestiriw, denetárbiyası-sawallandırıw jáne sport shólkemlerin, bilimlendiriw hám sport-bilimlendiriw mákemelerin joqarı mamanlıqtaǵı trenerler hám basqa da sport qánigeleri menen támiyinlew;

denetárbiyası hám sport tarawında xalıqaralıq hám mámleketleraralıq sport baylanısların keńeytiw jáne bekkemlew, shet el investiciyaların hám grantların tartıw baǵdarındaǵı jumıslardı shólkemlestiriw, ǵalaba sport baǵdarlamaların shólkemlestiriwge kómeklesiw, denetárbiyası hám sport tarawına baylanıslı ǵalabalıq ádebiyatlar basıp shıǵarıw, video hám kino materiallar tayarlaw.

Universitet denetárbiyası hám sport tarawında ilimiy hám oqıtıwshı kadrlar tayarlaw, sonday-aq, taraw qánigelerin oqıtıwdıń hám tayarlawdıń aldıńǵı usılların islep shıǵıw jáne engiziw boyınsha respublikanıń bazalıq joqarı bilimlendiriw, ilimiy-izertlew jáne ilimiy-metodikalıq mákemesi esaplanatuǵını;
Oray mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri, ulıwma bilim beriw mektepleri jáne orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi mákemeleriniń denetárbiyası oqıtıwshıların (instruktorların), kafedra baslıqların, bilimlendiriw mákemeleri menen sport shólkemleriniń trenerlerin, denetárbiyası hám sport tarawındaǵı basqa da qánigelerdi qayta tayarlaw jáne mamanlıǵın arttırıwdı ámelge asıratuǵını belgilep qoyılsın.

Tómendegiler ǵalabalıq sporttı rawajlandırıw hám talantlı jaslardı tańlap alıw (selekciya) tarawında bilimlendiriw mákemeleriniń áhmiyetli baǵdarları etip belgilensin:
mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde – baslanǵısh gimnastika hám háreketli oyınlar boyınsha shınıǵıwlar alıp barıw arqalı deneni rawajlandırıw jáne densawlıqtı bekkemlew ushın tárbiyalanıwshılarda denetárbiyası hám sport shınıǵıwlarına qızıǵıwshılıqtı qáliplestiriw;

ulıwma bilim beriw mekteplerinde – oqıwshılar arasınan denetárbiyası oqıtıwshıların tartqan halda qábiletli jaslardı tańlap alıw (selekciya) jáne balalar hám jas óspirimler sport mektepleriniń sport rezervin qáliplestiriw maqsetinde keyin ala aymaqlıq sport jarıslarına qatnasıw ushın klasstan tıs sport dógerekleri hám sekciyaları shınıǵıwların shólkemlestiriw (háptesine keminde 4 saattan);

orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi mákemelerinde – oqıwshılar arasınan denetárbiyası oqıtıwshıların hám sport boyınsha trenerlerdi tartqan halda talantlı jaslardı tańlap alıw hám qánigelestirilgen balalar hám jas óspirimler sport mektepleriniń sport rezervin qáliplestiriw maqsetinde keyin ala regionallıq jáne respublikalıq sport jarıslarına qatnasıw ushın olimpiada hám sport túrleri boyınsha klasstan tıs sport dógerekleri jáne sekciyaları shınıǵıwların shólkemlestiriw (háptesine keminde 6 saattan);

joqarı bilimlendiriw mákemelerinde – talantlı jaslardı tańlap alıw (selekciya) hám sport túrleri boyınsha milliy saylandı komandaları jáne respublikalıq joqarı sport sheberlik mektepleriniń sport rezervin qáliplestiriw maqsetinde keyin ala respublikalıq hám xalıqaralıq sport jarıslarında olimpiada hám milliy sport túrleri boyınsha studentlerdiń sport klubların hám komandaların shólkemlestiriw.

5. Sonday tártip ornatılsın, oǵan bola:
mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri, ulıwma bilim beriw mektepleri, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi mákemeleriniń

denetárbiyası oqıtıwshısı (instruktorı) jáne joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń denetárbiyası oqıtıwshısı hám kafedra baslıǵı lawazımlarına xalıqaralıq dárejedegi sport jarıslarınıń jeńimpazları tayınlanıwı múmkin;

mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri, ulıwma bilim beriw mektepleri, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi mákemeleri denetárbiyası oqıtıwshısı (instruktorı) lawazımına tayınlaw hám lawazımınan azat etiw Ministrlik penen kelisilgen halda Qaraqalpaqstan Respublikası denetárbiyası hám sport ministri, wálayatlar hám Tashkent qalası denetárbiyası hám sport basqarması baslıqları tárepinen ámelge asırıladı;

joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń denetárbiyası oqıtıwshıları (kafedra baslıqları)n lawazımǵa tayınlaw hám lawazımnan azat etiw Ministrlik tárepinen joqarı bilimlendiriw mákemesi menen birgelikte shólkemlestiriletuǵın tańlaw nátiyjesine bola Ózbekstan Respublikası denetárbiyası hám sport ministri tárepinen ámelge asırıladı;

denetárbiyası oqıtıwshısı (instruktorı hám kafedra baslıqları)nıń jumıs nátiyjeliligin bahalaw oqıwshı (studen)lardıń fizikalıq hám kásiplik tayarlıǵı jáne olardıń arasınan talantlı sportshılardı tańlaw (selekciya)da, bárinen burın, erisilgen anıq nátiyjelerdi esapqa alǵan reyting sisteması tiykarında ámelge asırıladı;

denetárbiyası oqıtıwshıları (instruktorı hám kafedra baslıqları)n materiallıq xoshametlew hám olardıń jumısınıń jeke kórsetkishlerin reyting sistemasında bahalawǵa tiykarlanıp ámelge asırıladı;

rayonlıq (qalalıq) sport hám ǵalabalıq-denetárbiyası ilajlarınıń birden-bir kalendar rejeleri tiyisli rayon (qala) hákimleri tárepinen tastıyıqlanadı;

ulıwma bilim beriw mektepleri, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi jáne joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń oqıwshıları hám studentleri arasında ótkeriletuǵın sport hám ǵalabalıq-denetárbiyası ilajların jáne qatnasıwshılardı kiyim-kenshek penen támiyinlewdi qarjılandırıw tiyisli túrde «Yoshlik», «Bárkamal áwlad» hám «Student» denetárbiyası hám sport jámiyetleriniń esabınan ámelge asırıladı.

Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti olimpiada sport túrleri boyınsha sportshılar, trenerler hám basqa da sport qánigelerin tayarlaw jáne olimpiada sport túrlerin rawajlandırıw bólimi boyınsha denetárbiyası hám sport subktleri, sonıń ishinde, ministrliktiń jumısın muwapıqlastıratuǵını; Ministrliktiń olimpiada sport túrlerin rawajlandırıwǵa juwapker arnawlı bólimleri basshılıǵına talabanlar Ózbekstan Milliy olimpiada komitetiniń baslıǵı menen májbúriy túrde kelisiletuǵını;

Ózbekstan Milliy olimpiada komitetiniń wákilleri olimpiada rezervleri arnawlı mektep-internatları basshıların tańlaw, tayınlaw hám attestaciyaden ótkeriwde, sol mekteplerge baǵdarlar boyınsha qabıllaw kvotaların kelisiwde jáne sportshılardı xalıqaralıq sport jarıslarına jiberiwde qatnasatuǵını;

Olimpiada hám Paralimpiada oyınlarına sportshılardı tayarlaw kóleminde sport federaciya (associaciya)ları ushın ajıratılıp atırǵan qáwenderlik qarjılar Ózbekstan Milliy olimpiada komitetinde jámlenetuǵını jáne sport federaciya (associaciya)larınıń jumısın maqsetli qarjılandırıwǵa, sonıń ishinde, jetik shet elli sportshılar menen trenerlerdi tartıw ushın jumsalatuǵını;

Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti Ministrlik penen birgelikte joqarı mamanlıqtaǵı shet elli sportshılardı, trenerlerdi hám basqa da qánigelerdi olimpiadaǵa tayarlaw orayları, sport federaciya (associaciya)ları hám basqa da sport shólkemleriniń oqıw-shınıǵıw processlerine keńnen tartıwdı támiyinleytuǵını belgilep qoyılsın.

7. Tómendegiler:
Samarqand wálayatı Samarqand rayonında universal olimpiadaǵa tayarlaw hám xalıqaralıq sport jarısların ótkeriw orayı;

Tashkent wálayatı Bostanlıq rayonında jaylasqan «Aziya-Chimgan» miymanxanası tiykarında milliy saylandı komandalar ushın universal olimpiadaǵa tayarlaw orayı;

Jizzaq wálayatı Zamin rayonında «Aloqachi» sawallandırıw lageri tiykarında gimnastika sport túri boyınsha olimpiadaǵa tayarlaw orayı;

Namangan wálayatı Chortoq rayonında serjantlar tayarlaw mektebi tiykarında sport oyınları boyınsha olimpiadaǵa tayarlaw orayı;

Qashqadárya wálayatı Shaxrisabz rayonında «Gulnora» sawallandırıw lageri tiykarında sport jeke gúresleri boyınsha olimpiadaǵa tayarlaw orayı shólkemlestirilsin.

Ózbekstan Respublikası Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti shólkemlestirilip atırǵan oraylardıń qaramaǵında bolǵan ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte bul obektlerde barlıq imarat hám kompleksleri menen birge Ózbekstan Respublikası Milliy olimpiada komiteti qaramaǵına biyǵárez ótkeriwdi támiyinlesin.

8. Denetárbiyası hám sport shólkemleri, sonday-aq, bilimlendiriw mákemeleri hám sport shólkemlerinde miynet etip atırǵan sport veteranlarına jumıstıń basqa haqı tólenetuǵın túrleri menen shuǵıllanbaw shárti menen pensiya tolıq muǵdarda tólenetuǵını;
Olimpiada hám Paralimpiada oyınları jáne olimpiada hám paralimpiada sport túrleri boyınsha jáhán chempionatlarınıń jeńimpaz sportshıları Qaraqalpaqstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministriligi, Tashkent qalasındaǵı jáne wálayatlardaǵı denetárbiyası hám sport basqarmaları, sonday-aq, tiyisli sport federaciyaları (associaciyaları)nıń usınıslarına tiykarlanıp trenerlik jumısı boyınsha ápiwayılastırılǵan tártipte attestaciyadan ótip, sport mektеplerinde trener sıpatında trenerlik jumısı menen shuǵıllanıwǵa haqılı ekeni;

sport shólkemleri (uyımları) basshılıǵı lawazımına burın shuǵıllanǵan professional jumıs túrine qaramastan, joqarı maǵlıwmatlı jáne basqarıw tarawında ámeliy kónlikpege iye bolǵan shaxslar tayınlanıwı múmkin ekeni;

trenerlik jumısı menen shuǵıllanıw ushın ruqsatnama múddeti tamamlanǵan trenerler kóbi menen tórt ay múddetten aspaǵan halda ornatılǵan tártipte jańa ruqsatnama alıwǵa shekem jumıs islewin dawam ettiriwge haqılı ekeni belgilep qoyılsın.

9. Olimpiada sport túrlerin 2018-2021-jıllarda keyin ala rawajlandırıw hám ǵalaba en jaydırıw kompleksli ilajlar baǵdarlaması qosımshaǵa muwapıq maqullansın.
Baǵdarlamada názerde tutılǵan ilajlardı óz waqtında sapalı hám tolıq ámelge asırıwı ushın ministrlikler, mákemeler hám basqa da shólkemlerdiń basshılarınıń jeke juwapkershiligi belgilensin.

1 Ministrlik:

eki ay múddette denetárbiyası oqıtıwshısı (instruktorı hám kafedra baslıqları)nıń jumıs nátiyjeliligin bahalawdıń reyting sisteması haqqındaǵı rejeni tastıyıqlasın;

2018-jıl 1-mayǵa shekem Ózbekstan Respublikasında denetárbiyası hám sporttı uzaq múddetli keleshekte rawajlandırıw koncepciyasınıń joybarın xalıqaralıq qánigelerdi tartqan halda islep shıqsın hám kirgizsin;

úsh ay múddette balalar hám jas óspirimler sport mektepleri, sonıń ishinde, qánigelestirilgen mekteplerdiń islew tártibin shólkemlestiriw sistemasın sın kózqarastan úyrenip shıǵıw hám nátiyjesi boyınsha olardıń jumısın tártipke salıw hám jetilistiriw, shólkemlestiriwshilik-shtat strukturasın qayta kórip shıǵıw jáne olardı qarjılandırıw sistemasın tártipke salıw boyınsha húkimetlik qarardıń joybarın kirgizsin;

Málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi úsh ay múddette sportshılar, denetárbiyası oqıtıwshıları, instruktorlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jáne bilimlendiriw mákemelerinde sport túrleri boyınsha imtixan alıw sistemasın talqılawlardıń nátiyjelerin óz ishine alǵan Birden-bir málimleme sisteması jaratılıwın támiyinlesin;

úsh ay múddette Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen birgelikte olimpiada sport túrleri boyınsha jarıslar hám oqıw tayarlıq shınıǵıwları dawamında sportshılardı medicinalıq támiyinlewdi shólkemlestiriw hám baqlap barıw tártibin, sonıń ishinde, sport medicinası mákemeleri tarmaqların jaratıwdı óz ishine alǵan halda, tastıyıqlaw haqqındaǵı húkimetlik qarardıń joybarın kirgizsin;

úsh ay múddette Xalıq bilimlendiriw ministrligi, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi hám Qarjı ministrligi menen birgelikte bilimlendiriw mákemeleri janında sport klubların shólkemlestiriw, jumıs alıp barıwı jáne qarjılandırılıwı tártibin tastıyıqlaw haqqındaǵı húkimetlik qarardıń joybarın kirgizsin;

úsh ay múddette respublika aymaǵında fizikalıq tayarlıqtı shólkemlestiriwdiń birden-bir talapların belgilewdi támiyinleytuǵın, olimpiada sport túrleri boyınsha tayarlıqtıń birden-bir ólshemlerin sport bilimlendiriw mákemeleriniń jumısına engiziwdi támiyinlesin;

Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti menen birgelikte 2018-jıl 1-iyunge shekem sporttıń qısqı hám oyın túrleriniń rawajlanıwı hám ǵalaba en jaydırıw ámeldegi jaǵdayın hár tárepleme hám sın kózqarastan talqılawdı esapqa alǵan halda Ózbekstan Respublikasında sporttıń qısqı hám oyın túrlerin bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha usınıslar tayarlasın;

Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti menen birgelikte respublikalıq olimpiada rezervleri mektep-internatları janında olimpiada rezervleri oraylarin shólkemlestiriw usınısın kirgizsin.

11. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti:
bir hápte múddette Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrliginiń jumısın shólkemlestiriw haqqındaǵı Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararınıń joybarın kirgizsin;

bir ay múddette Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligi haqqındaǵı Rejeni tastıyıqlasın;

bir ay múddette Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport universitetiniń jumısın shólkemlestiriw boyınsha húkimetlik qarar qabıl etilsin;

eki ay múddette Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligi janındaǵı Denetárbiyası hám sporttı rawajlandırıw qorı jáne Ózbekstan Respublikası Denetárbiyası hám sport ministrligi janındaǵı Denetárbiyası hám sport boyınsha qánigelerdi ilimiy-metodikalıq támiyinlew, qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıw orayınıń Rejesin tastıyıqlaw, sonday-aq, denetárbiyası hám sport qánigeleri kontingentin tolıq qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıw imkaniyatın qamtıp alǵan halda olardıń shólkemlestiriwshilik-shtat strukturası tastıyıqlansın;

eki ay múddette denetárbiyası hám sport tarawında barlıq túrdegi bilimlendiriw mákemelerinde bilimlendiriw standartları qayta kórip shıǵılsın, bilimlendiriwdiń hár bir basqıshında ulıwma bilim beriw júklemesinen aspaǵan halda, sabaq saatların kóbeytiw járdeminde, sport tarmaqları boyınsha bahalaw sistemasın engiziw, nátiyjelerdi sistemalı talqılaw jumısları alıp barılsın;

eki ay múddette qurılıs-montajlaw jumısları, zamanagóy sport úskeneleri, texnikası hám inventarlar menen támiyinlew, úzliksiz oqıw-shınıǵıw procesi hám sportshılar, trener jáne basqa da qánigeler menen jumısshılardıń jasawı ushın sharayat jaratıwdı esapqa alǵan halda olimpiadaǵa tayarlıq oraylarınıń jumısın shólkemlestiriw haqqında húkimetlik qarar qabıl etilsin;

úsh ay múddette olimpiada rezervleri mektep-ineternatlarına qabıllaw kvotalarınıń sport túrleri boyınsha eń az muǵdarın esapqa alǵan halda kerekli bolǵan nátiyjeli bilimlendiriw sisteması shólkemlestirilsin;

úsh ay múddette trenerlik jumısı menen shuǵıllanıw boyınsha attestaciyadan ótiw hám ruqsatnama alıw tártibin jeńilletiwge baǵdarlanǵan húkimetlik qarar qabıl etilsin.

12. Mámleketlik hákimiyat hám basqarıw uyımları jáne basqa da shólkemler sport infrastrukturasın shólkemlestiriw hám sistemalı tárizde xızmetkerlerdi denetárbiyasına hám sportqa tartıw ámeliyatın engiziw ilajların kórsin.
13. Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrligi, Milliy gvardiyası, Ózbekstan Kásiplik awqamları federaciyası eki ay múddette Qorǵanıw ministrliginiń sport klubı, «Dinamo» denetárbiyası hám sport jámiyetleriniń jumısın jetilistiriw hám kásiplik awqamları federaciyası denetárbiyası hám sport jámiyetin tiklew, sonday-aq, vedomstvolıq sport bazaların modernizaciyalaw, olardıń janında jaslardı eki ay múddette denetárbiyası hám sportqa tartıw ushın bársheniń shuǵıllanıwına imkaniyatı bolǵan sekciya hám dógerekler shólkemlestiriw boyınsha ilajlar belgilensin.
14. Ministrlik hám Ádillik ministrligi basqa da mápdar ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte bir ay múddette nızam hújjetlerine usı Pármannan kelip shıǵatuǵın ózgerisler menen qosımshalar haqqında Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
15. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 15-fevraldaǵı «Mádeniyat hám sport tarawında basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı PP-4956-sanlı Pármanınıń birinshi bánti úshinshi xatbası hám úshinshi bánti óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.
16. Usı Pármannıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı Q.V.Akmalovqa, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Mámleketlik keńesgóyi R.S.Qosimovqa hám Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı O.B.Murodovqa júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 5-mart

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew